# Dlo nan Etablisman Swen Sante

PROJECT FIRSTLINE



Dlo wobinè pwòp epi yon moun ka bwè li san danje, men li gendwa genyen jèm danjere ladann ki kapab pwopaje bay pasyan epi lakoz enfeksyon.

Anjeneral dlo wobinè genyen jèm epi w pa ta dwe itilize li nan plas dlo esterilize lè se sa ki nesesè pou swen pasyan ak ekipman apwopriye.

Moun an sante kapab bwè dlo wobinè paske sistèm iminitè yo pwoteje yo kont jèm ki twouve yo nan dlo wobinè.

**Aprann Plis**

**Dlo ak sifas mouye:** https://bit.ly/3MPGoAk

www.cdc.gov/ProjectFirstline

CDC U.S. CENTERS FOR DISEASE CONTROL AND PREVENTION

Mikwo-Aprantisaj EVS: Esansyèl pou Kontwòl Enfeksyon

PROJECT FIRSTLINE

# Gid Itilizatè a



## Konsènan Mikwo-Aprantisaj EVS

Travayè sèvis anviwònman (EVS) se manm enpòtan nan ekip sante a epi yo jwe yon gwo wòl nan kanpe pwopagasyon jèm nan sante Pwojè Mikwo-Aprantisaj Firstline: Esansyèl pou Kontwòl Enfeksyon se yon seri diskisyon gide k ap ofri opòtinite edikasyon tou kout nan travay la sou sijè enpòtan konsènan enfeksyon nan travay EVS.

## Itilizasyon Mikwo-Aprantisaj EVS

Mikwo-aprantisaj la gendwa enkòpore nan opòtinite kote travayè EVS yo reyini, tankou "rasanbleman" oswa reyinyon ekip anvan peryòd travay. Se yon manm ekip ki genyen eksperyans nan ekspètiz espesifik kontwòl enfeksyon EVS ki dwe dirije oswa fasilite reyinyon an.

**Chak pake mikwo-aprantisaj EVS genyen ladann yon gid diskisyon ki kapab adapte pou fasilitatè ak yon èd travay. N ap ankouraje fasilitatè yo pou revize avan yo prezante.**

**Gid Diskisyon.** Gid diskisyon an pa yon eskrip. N ap ankouraje fasilitatè yo pou adapte gid la pou piblik yo, pou sa y ap enkòpore kesyon ak lide enpòtan ak pratik ladann. Pa egzanp, fasilitatè yo kapab konekte kontni a ak responsablite travay piblik la, ka oswa pwoblèm ki konsène etablisman an, resous ak pwen kontak, ak lòt enfòmasyon.

**Èd Travay.** Dokiman yon paj, èd travay vizyèl pou ede ranfòse mesaj kle mikwo-aprantisaj la. N ap ankouraje fasilitatè yo pou rann èd travay la disponib apre sesyon mikwo-aprantisaj la sou fòm dijital oswa kopi di.

Sèvi ak kòd QR la pou bay fidbak sou fòmasyon sa a.

www.cdc.gov/ProjectFirstline

CDC U.S. CENTERS FOR DISEASE CONTROL AND PREVENTION

# Gid Diskisyon Mikwo-Aprantisaj:

# Dlo nan Etablisman Swen Sante: Sèvis Anviwònmantal (EVS)

PROJECT FIRSTLINE

## Prepare:

Travayè sèvis anviwònmantal yo (EVS) se premye liy defans nan kanpe move jèm pou yo pa pwopaje nan anviwònman swen sante a. Netwaye ak dezenfekte sifas mouye se de fason enpòtan anplwaye EVS yo ap ede kanpe pwopagasyon jèm nan anviwònman swen sante. Ofiramezi w ap prezante enfòmasyon annapre a, ofri egzanp enpòtan bay ekip ou a ak nenpòt direktiv espesifik ak etablisman w lan ki genyen rapò ak sijè sa a.

## Pataje enfòmasyon kle:

- Jèm yo kapab viv ak grandi nan byofim drenaj yo epi yo kapab pwopaje bay pasyan epi lakoz enfeksyon.
  - **Nòt fasilitatè a:** Bay egzanp yon jèm ki rezistan ak jèm ke etablisman w lan ap swiv ak poukisa se yon enkyetid (egz., Pseudomonas, Acinetobacter, Burkholderia cepacia).
- Lè li nesesè pou swen pasyan an fèt ak dlo esteril ansanm ak ekipman apwopriye, ou pa kapab sèvi ak dlo wobinè pito paske anjeneral dlo wobinè genyen jèm.
- Moun ki an sante kpab bwè dlo wobinè paske sistèm iminitè yo pwoteje yo kont jèm ki twouve yo nan dlo wobinè.

## Ranfòse pwen kle yo:

- Dlo wobinè pwòp epi yon moun ka bwè li san danje, men li gendwa genyen jèm danjere ladann ki kapab pwopaje bay pasyan epi lakoz enfeksyon.